

# Ranmasaj Debri Ouragan an yon Aktivite Rekòmanse nan Florida

---

Release Date: September 16, 2017

**TALLAHASSEE, Fla.** – Pandan moun Florida kòmanse pwosesis netwayaj la apre Ouragan Irma, Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Emergency Management Agency, FEMA) ankouraje tout moun pou yo konnen pi bon fason pou ranmase debri nan pwopriete yo.

Pa rete tann pou netwaye domaj siklòn nan lakòz. Note domaj yo avèk foto oswa videyo.

Pran prekosyon ou lè w ap fè netwayaj la. Toujou gen liy kouran ki pandye, dlo inondasyon ak lòt danje. Si gen pyebwa ak lòt debri ki tonbe nan pwopriete prive ou, asire ou kontakte ajan asirans ou pou detèmine si kontra asirans ou ap peye pou domaj pyebwa a lakòz. Pandan w ap fè netwayaj la, asire ou sonje enfòmasyon ki endike anba la yo:

- Akòz enpòtans dènnye evènman katastwòf yo, sitwayen yo kapab retire debri nan pwopriete prive yo pou mete yo nan priyorite piblik pou gouvènman lokal yo pran ak ranmase yo pou yon peryòd tan limite. Anjeneral ranmasaj debri nan pwopriete prive se responsablite mèt pwopriete a, senpleman tankou anvan ouragan an.
- Swiv konsèy ofisyèl lokal yo lè w ap mete debri yo pou yo ranmase Separe debri yo an sis kategori lè w ap mete yo toutolon twotwa a:
  - **Aparèy Elektwonik yo**, tankou televizyon, òdinatè oswa telefòn;
  - **Gwo aparèy menaje**, tankou frijidè, machin lesiv, sechwa, fou oswa machin pou lave veso. Sonje pou bouche oswa fèmen pòt yo pou moun pa gen aksè ladan yo;
  - **Dechè danjere**, tankou lwil, batri, pestisid, penti oswa materyèl netwayaj. Si ou sispèk materyèl yo gen penti abaz plon, kite yo imid oswa mete materyèl yo nan sache plastik yon fason lè a pa charye penti a;
  - **Debri vejetasyon**, tankou branch bwa, fèy oswa plant;
  - **Debri konstriksyon**, tankou plakoplat, bwa konstriksyon, kapèt oswa mèb; epi
  - **Fatra ki soti nan Kay la**, manje ou jete, papye oswa papye anbalaj.



**FEMA**

Page 1 of 2

- Mete debri yo lwen pyebwa yo, poto yo oswa estrikti yo tankou bouch ensandi ak pakomèt yo.
- Retire tout materyèl dlo domaje lakay ou epi mete yo arebò twotwa a pou yo ranmase.
- Debri yo pa ta dwe bloke wout la.

Ouragan Irma kite dèyè pyebwa ki tonbe, branch bwa nan bilding ki domaje nan pwopriyete prive ak pwopriyete piblik. Travayè yo kòmanse ranmase anpil tòn debri ki tonbe nan lari, otowout arebò ak nan lakou prive yo. Èd federal ak leta pral peye pou ranmasaj debri yo nan pwopriyete piblik yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sekou akò Ouragan Irma, ale sou sitwèb [www.fema.gov/hurricane-irma](http://www.fema.gov/hurricane-irma).

###

*Misyon FEMA se pou sipòte sitwayen ak premye repondè nou yo pou asire n ap travay ansanm antan yon peyi, pou devlope, sipòte ak amelyore kapasite nou pou prepare pou tout danje, bay pwoteksyon kont danje, bay repons pou danje yo, retabli nou apre yo, epitou minimize yo.*

*Gen asistans pou reparasyon apre katastwòf ki disponib san konsiderasyon ras, koulè, relijyon, si ou se fanm oswa gason, laj, andikap, konpetans nan lang Angle oswa sityasyon ekonomik. Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim diskriminasyon, rele FEMA gratis nan nimewo 800-621-FEMA (3362). Pou TTY rele 800-462-7585.*

*Asistans lojman FEMA pou yon ti tan ak sibvansyon pou depans transpò piblik, depans pou swen medikal ak swen dantè, ak depans pou sèvis finèrè ak antèman pa egzijè moun pou yo aplike pou yon prè SBA. Men, aplikan ki resevwa aplikasyon prè SBA dwe soumèt yo ba ofisye kredi SBA pou yo kapab kalifye pou asistans ki garanti byen pèsònèl, reparasyon oswa ranplasman veyikil, ak depans pou amenaje ak depo.*



**FEMA**

Page 2 of 2